PLATFÒM PAM Pou Ayiti Miyò

Vizyon PAM

Yon konbit nasyonal pou nou rebati peyi nou ansanm

> *« Ayiti twò rich pou li si pòv, men pou l miyo fòk nou tout ladan l. »*

platfompam.org

PAM nan yon minit

Ayiti pa pòv an resous. Li pòv an **òganizasyon**. Gen dè milyon moun ki gen bòn volonte, ann Ayiti kou nan dyaspora a, men chak moun ap aji pou kont li, e efò yo pa janm mete ansanm.

PAM vin chanje sa. Se yon platfòm sitwayen ki fè chak bon jès pou peyi a (enskri, bay yon don, patisipe nan deba, ede katye w, vote) tounen **pwen**. Chak Ayisyen ka ranmase jiska 100 pwen pèmanan, plis yon bonis chak mwa pou moun ki kontinye aji. Ansanm, n ap vize **1 milya pwen**: prèv ke yon pèp ki òganize ka pran desten l nan men l.

PAM se tou **yon lekòl sitwayènte**. Li la pou fòme jenerasyon ki grandi apre tranblemanntè 2010 la, ki pa janm konnen yon Ayiti an sekirite. E li bay moun ki te konnen Pèl Zantiy la mwayen pou yo pase lanmou peyi a ba yo.

Bò kote platfòm nan, de lòt pilye ap fè enèji sa a bay rezilta: **yon fondasyon** ki fòme jèn yo epi ki ede yo rete lwen gang, ak **yon koperativ** ki kreye travay ak revni.

PAM pa yon pati politik

PAM pa yon pati politik, e li p ap janm tounen youn. **PAM p ap janm sipòte okenn kandida ni okenn pati politik.**

Misyon nou se **sivis, patriyotis, ak mande gouvènman nou kont**, pandan n ap fòme sitwayen ki angaje e n ap ba yo resous pou yo rebati peyi nou.

1. Poukisa PAM egziste

Ayiti twò rich pou l pòv. Richès nou se tè nou, solèy nou, lanmè nou, kilti nou, ak pi gwo trezò a: pèp ayisyen an, andedan peyi a kou nan dyaspora a.

Men peyi a ap fè bak. Se pa mank resous. Gen twa bagay ki manke nou:

- **Òganizasyon.** Chak moun ap aji pou kont yo. Yon asosyasyon ap ede yon katye, yon Ayisyen Boston ap voye lajan bay fanmi l, yon jèn ap lanse yon ti biznis. Tout fòs sa yo egziste, men yo pa kontre, kidonk yo pa peze anyen devan gwo pwoblèm peyi a.
- **Enfòmasyon.** Pèsonn pa konnen vre sa sitwayen yo vle, komin pa komin. Desizyon yo pran avèg, sou enpresyon oswa sou enterè kèk moun.
- **Responsablite.** Yon eli ka pwomèt yon wout nan mwa mas epi pa janm fè l, e pèsonn pa mezire sa ni raple l sa. Sa ou pa mezire, ou pa janm korije l.

2. Yon jenerasyon ki pa janm konnen yon Ayiti an sekirite

Gen yon katriyèm bagay ki manke, ki pi fon toujou: **transmisyon**. Tout yon jenerasyon jèn Ayisyen grandi nan Ayiti apre tranblemanntè 12 janvye 2010 la. Yo pa janm konnen yon peyi an sekirite. Sa yo konnen se ensekirite, gang, lekòl ki fèmen, moun k ap pati. Pou anpil nan yo, Ayiti tounen yon peyi ki difisil pou renmen, e rèv yo se ale.

PAM vin di yo yon lòt bagay: **peyi sa a se eritaj yo.** Ayiti se yon dyaman ki poko taye. Moun ki aksepte travay li ka fè l tounen yon paradi. Platfòm nan fèt pou fòme pwochen jenerasyon sitwayen ki angaje e ki responsab, ak sivis ak patriyotis nan kè chak

aksyon. Chak pwen ou ranmase se yon leson sitwayènte. Chak pwojè ou sipòte se yon rezon pou w rete.

Devwa pou n pase flanbo a

Jenerasyon ki te vin anvan an te gen chans konnen sa ki te rete nan **Pèl Zantiy** la: katye ki te an sekirite, aswè deyò, yon fyète nasyonal ki te vivan. Jenerasyon sa a gen yon devwa: pase lanmou sa a bay jèn ki pa janm wè l. PAM ba li zouti pou l fè sa. Lè yon granmoun patisipe nan yon deba, parenen yon pwojè oswa akonpaye yon jèn, li pase flanbo a, kit li ann Ayiti, kit li nan dyaspora a.

> Se pou sa PAM fèt: pou n òganize nou, pou n konnen sa pèp la vle, pou n mande dirijan yo kont, e pou n pase lanmou peyi a de yon jenerasyon a yon lòt. Pou sa, PAM gen twa zouti ki mache ansanm: **yon platfòm, yon fondasyon ak yon koperativ.**

3. Lide a: yon konbit nasyonal

Tout Ayisyen konnen sa yon **konbit** ye. Lè yon vwazen gen pou l travay jaden l, tout katye a vin ede. Pou kont li, travay la t ap pran yon mwa. Ansanm, li fèt nan yon jounen, ak mizik ak bon kè. Pèsonn pa touche, men tout moun genyen, paske pwochen jaden an ap pou yo.

PAM se yon konbit pou tout peyi a, ki posib gras ak telefòn. Chak bon jès pou Ayiti konte, chak jès konte tout bon, e tout moun wè kontè nasyonal la ap monte.

Poukisa pwen? Paske yon jwèt ba w anvi tounen, li montre w pwogrè w, e li ba w fyète. Men atansyon: **pwen yo pa pou yon moun, yo pou nasyon an.** Se pa yon konpetisyon ant sitwayen. Se yon kontra kolektif: ansanm, n ap rive nan 1 milya pwen aksyon pou yon chanjman dirab.

Objektif la pa janm chanje

Misyon PAM se **angajman sitwayen**. Estrateji a se fè l tounen **yon jwèt kolektif**.

4. Kijan pou w ranmase pwen

Gen de kalite pwen: **pwen pèmanan** pou premye aksyon sivik ou yo, ak yon **bonis chak mwa** pou aksyon ou repete.

Pwen pèmanan ak badj lò

Aksyon sitwayen (yon fwa)	Pwen
Telechaje aplikasyon an	5
Konplete pwofil ou	5
Fè yon don	10
Pran yon inisyativ oswa sipòte yon inisyativ ki egziste deja	10
Bay yon sèvis piblik	15
Ajoute 3 zanmi ki rive 50 pwen	15
Patisipe nan deba ak sondaj	20
Enskri sou lis elektoral KEP la	10
Vote nan yon eleksyon	10
Total pi plis	**100**

Chak kategori konte yon sèl fwa. Pou rive 100, fòk ou ranpli **tout** kategori yo: si w patisipe nan deba senk fwa, sa pa ba w plis pwen pèmanan. Lè w ranpli yo tout, ou resevwa **badj lò** a.

Konbyen pwen pèmanan chak moun ka ranmase?

Ki moun	Plafon	Poukisa
Ayisyen ki ann Ayiti	100	Se yo ki viv konsekans desizyon yo chak jou, e se yo sèlman ki ranmase pwen enskripsyon ak vòt nan eleksyon ayisyen.
Dyaspora ayisyen	80	Tout aksyon yo louvri, eksepte pwen enskripsyon ak vòt ann Ayiti.
Zanmi etranje Ayiti	50	Lemonn ka ede bati zouti yo; se Ayisyen sèlman ki deside politik Ayiti.

Bonis chak mwa

Apre premye pwen yo, angajman an pa kanpe. Chak mwa, ou ka ranmase jiska **70 pwen anplis** (40 pou zanmi etranje Ayiti). Kontè a rekòmanse 1ye chak mwa.

Aksyon chak mwa	Pwen
Fè yon don, nenpòt montan	10
Pran aksyon nan kominote w	10
Bay yon sèvis piblik	15
Ajoute 3 lòt zanmi	15
Patisipe nan deba ak sondaj	20
Total chak mwa	**70**

Bonis eleksyon: vote nan dezyèm tou a ba w 20 pwen anplis, yon sèl fwa.

Se sèlman patisipasyon serye ki konte

Entèlijans atifisyèl la bay chak kontribisyon yon nòt kalite, epi moderatè yo verifye sa ki sou liy lan. Yon « bon travay » oswa yon senp klik pa bay pwen. Koute podcast la oswa vote nan yon konkou pa bay pwen. Yon sondaj konte lè w ranpli l nèt. Vòt chak jou nan sondaj eleksyon an pa bay pwen: li fè vwa w konte.

Pwofil ou montre pwen pèmanan ou, badj ou, ak total pwen ou bay balans nasyonal la.

Ak 100 pwen pèmanan pou chak moun, plis bonis chak mwa, pou n rive nan 1 milya fòk gen **dè milyon sitwayen ki angaje**, mwa apre mwa. Se konsa nou vle l. Deviz la di l: « pou l miyo, fòk nou tout ladan l ».

Etap yo: yon fèt chak fwa nou rive

1 milya ka sanble lwen. Se pou sa nou koupe chemen an an etap. Chak etap nou franchi ansanm, n ap fete l devan tout moun, e li louvri yon gwo rasanbleman nasyonal.

Chak etap nou franchi ansanm, tout peyi a fete



5. PAM chak jou: kat istwa

Pou w konprann PAM, pi bon fason an se wè l ap viv. Moun sa yo se egzanp nou imajine, men chak bagay yo fè fè pati pwojè a.

Rose, machann nan Jakmèl

Rose telechaje aplikasyon an (5 pwen) epi li ranpli pwofil li (5 pwen). Sou paj komin li, li wè dlo se premye pwoblèm vwazen l yo. Li ranpli sondaj sou gwo enjè yo epi li bay yon lide serye nan deba sou dlo a (20 pwen). Chak jou tou, li vote nan sondaj eleksyon an: sa pa ba l pwen, men li fè vwa l konte. Li louvri paj depite l: li te pwomèt yon sitèn piblik, e pwomès la make « pa fèt », ak prèv.

Rose pa li fasil. Li poze kesyon l bay **Bòs NoNo**, asistan PAM nan, ak yon mesaj vokal an kreyòl: « Kijan pou m fè ti biznis mwen vin pi solid? » NoNo reponn li ak sa ki te mache pou lòt machann nan Jakmèl.

Jean, 19 an, nan Kafou

Jean kite lekòl. Nan katye l, gang yo ap rekrite jèn tankou l. **Fondasyon PAM** ofri l yon lòt chemen: yon fòmasyon, ak Bòs NoNo pou l aprann li epi monte yon pwojè. Jean louvri yon ti atelye pou repare telefòn. Pwojè l parèt nan anyè platfòm nan, kote yon Ayisyen nan dyaspora a deside parenen l. Apre sa, **Koperativ PAM** pote kontra antretyen ba li, kontra li pa t ap janm jwenn pou kont li.

Chak siksè Jean fè pote pwen pou kontè nasyonal la, e li montre lòt jèn yo gen yon lòt chemen. Jodi a, Jean pa reve ale ankò: li konprann Ayiti se eritaj li.

Marc, enfimye nan Miami

Marc pa ka vote ann Ayiti, men li ka ranmase jiska 80 pwen pèmanan, plis bonis chak mwa. Li swiv deba nan vil kote l fèt la epi li sipòte yon pwojè kominotè omwen 60 % moun nan zòn nan valide. Li wè kote chak goud ale, epi li patisipe nan tiraj chak mwa a ki pase nan televizyon.

Marc te konnen Ayiti lontan an. Kounye a, li ka pase lanmou sa a bay jèn nan vil li a.

Yon kandida pou depite

Pwofil li te kreye otomatikman e gratis, apati lis ofisyèl KEP la. Li fè verifye l, li pibliye pwogram li, e teknoloji a ede l fè pwogram nan tounen pwomès ou ka mezire. Tablo piblik sondaj la, ki gratis pou tout moun, montre l sa elektè nan sikonskripsyon l lan panse. Li konnen y ap swiv pwomès li yo apre eleksyon an: kidonk li pwomèt mwens, men li pwomèt pi byen.

Sa kat istwa sa yo genyen an komen

Rose bay yon enfòmasyon. Jean jwenn yon fòmasyon ak yon mache. Marc pote mwayen ak lanmou peyi a. Kandida a angaje l devan tout moun. **Chak jès ede lòt yo**, e tout fè menm kontè nasyonal la monte. Se sa PAM ye: yon sistèm kote pèsonn pa aji pou kont li ankò.


6. Twa pilye, yon sèl machin

Pilye	Kesyon li reponn	Richès li bati
PLATFÒM PAM (baz la)	Kisa nou vle chanje?	**Kapital sitwayen:** òganize, patisipe, deside
FONDASYON PAM (men yo)	Kijan n ap prepare sitwayen yo pou yo fè l?	**Kapital moun:** aprann, inove, antreprann
KOPERATIV PAM (ekonomi an)	Kijan n ap kreye richès ansanm?	**Kapital ekonomik:** pwodui, vann, travay

- **PLATFÒM PAM** se yon zouti angajman sitwayen ak yon pwogram espesyal pou aktive dyaspora a. Chak Ayisyen ak chak zanmi Ayiti ka ranmase pwen pou chanjman dirab.
- **FONDASYON PAM** ap sipòte jèn yo: fòmasyon, chemen pou yo pa antre nan gang, pwogram reyensèsyon. Premye pwojè l: **Bòs NoNo**, yon asistan entèlijans atifisyèl an kreyòl.
- **KOPERATIV PAM** se yon koperativ sèvis ayisyen ki fè konpetans, inisyativ ak resous lokal yo tounen travay ak revni. Li mete antreprenè, agrikiltè, atizan, pwofesyonèl ak moun ki bay sèvis ansanm pou yo pataje mwayen, jwenn kontra ansanm epi òganize chèn valè lokal yo. Se manm yo ki posede l e ki dirije l.

Kijan twa pilye yo travay ansanm

Ann pran yon komin agrikòl kote moun yo mete irigasyon ak vant rekòt yo an tèt lis priyorite yo sou platfòm nan.



1. **Platfòm nan koute.** Li montre, ak chif, se moun komin nan menm ki mande sa.
2. **Fondasyon an prepare.** Li fòme jèn yo ak pwodiktè yo sou teknik ak jesyon.
3. **Koperativ la òganize.** Li mete pwodiktè yo ansanm, li pataje ekipman, li achte entran ansanm epi li vann rekòt yo pi bon pri.
4. **Rezilta yo remonte.** Yo pibliye sou platfòm nan, kote tout moun ka wè enpak la. Konfyans grandi, e sik la rekòmanse nan pwochen komin nan.

« Yon pèp ki òganize. Yon jenès ki prepare. Yon ekonomi ki pwodui. »

7. Poukisa PAM gen fòs

Li koute pèp la tout bon

Pou premye fwa, n ap konnen sa Ayisyen vle, an kreyòl, komin pa komin. Yon kat ki montre Site Solèy mande dlo, Okap mande wout e Kafou mande kouran ap chanje fason tout peyi a pran desizyon.

Li fè responsablite vizib

Sou PAM, yon pwomès tounen yon angajman y ap swiv. Chak sitwayen ka wè poukisa yon eli gen bon nòt oswa move nòt. Bon eli yo jwenn rekonesans, lòt yo dwe esplike yo.

Li fòme sitwayen, pa sèlman itilizatè

Chak pati nan PAM aprann ou yon bagay: pwen yo montre bon jès sivik yo, leson sivik ak badj yo ak espas Konstitisyon an esplike dwa ak devwa nou, Bòs NoNo akonpaye jèn yo, e gwo konferans nasyonal yo, tankou sa sou aksyon sivik ak patriyotis, rasanble peyi a. PAM pa sèlman mezire angajman: li plante l, de yon jenerasyon a yon lòt.

Li net, kidonk tout moun bezwen l

PAM pa gen pati politik e li pa sipòte okenn kandida. Tout kandida, pati ak gwoupman jwenn menm zouti yo, menm pri. Se netralite sa a ki ba l fòs: yon zouti pèsonn pa kontwole se yon zouti tout moun ka fè konfyans.

Li fè pwòp lajan pa l

Platfòm nan jere pa yon òganizasyon ayisyen ki pa pou fè benefis, men ki fè pwòp revni l, sitou lè l vann analiz elektoral bay

kandida ak pati yo. Konsa, PAM pa depann de bòn volonte yon bayè etranje pou l egziste.

Li tankou yon wou k ap akselere

Plis sitwayen vini, plis nou konnen bezwen yo. Plis nou konnen bezwen yo, plis pwojè yo byen vize. Plis pwojè yo byen vize, plis rezilta yo parèt. E plis rezilta yo parèt, plis moun vin jwenn PAM.



8. Règ ki pa janm chanje

Prensip	Sa sa vle di
Se Ayisyen sèlman ki deside politik Ayiti	Lemonn ka ede bati zouti yo ak leve jenès la, men se sitwayen ayisyen ki pran desizyon yo.
Transparans total	Chak goud, chak pwen, chak evalyasyon gen yon tras piblik.
Teknoloji nan sèvis pèp la	Pa nan sèvis pouvwa a.
Netralite	PAM pa gen pati politik e li p ap kreye youn.
Done sitwayen yo pwoteje	Angajman PAM sou done yo (Charte des Données) se yon lwa pou nou.

Angajman PAM sou done ou

- Tablo jeneral yo se **byen piblik**, gratis pou tout sitwayen, kandida, chèchè ak enstitisyon.
- Done pèsonèl ou yo **pa janm vann, pa janm transfere, pa janm ekspoze**.
- Okenn pati, kandida oswa gwoupman pa gen aksè espesyal.
- Ou bay konsantman w klèman, ou ka retire l lè w vle, e tout bagay ekri an kreyòl klè.

9. Kijan ou ka antre nan konbit la

Platfòm nan prevwa louvri **14 fevriye 2027**. Men sa ou ka fè depi kounye a:

1. **Enskri sou lis elektoral la** nan Sant enskripsyon ak vòt (CIV) ki pi pre w la. Se premye jès sitwayen an, e l ap ba w 10 pwen pèmanan lè platfòm nan louvri.
2. **Pale de PAM** ak fanmi w ak zanmi w, ann Ayiti kou lòt bò dlo. Lè platfòm nan louvri, chak zanmi ou envite ap fè kontè a monte.
3. **Si w te konnen Pèl Zantiy la, rakonte l.** Pale ak yon jèn sou Ayiti ou te konnen an. Se konsa flanbo a pase.
4. **Si w se yon jèn, pa lage.** Peyi sa a se eritaj ou. Avèk PAM, ou pa poukont ou ankò.
5. **Swiv nou** sou platfompam.org.

« Nou pral konstwi on lòt Ayiti, pou nou rete. »

PLATFÒM PAM Pou Ayiti Miyò

Yon pèp ki òganize.

Yon jenès ki prepare.

Yon ekonomi ki pwodui.

« Pou l miyo, fòk nou tout ladan l. »

PAM pa yon pati politik. Nou p ap janm sipòte okenn kandida ni okenn pati.

platfompam.org